Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2026 соналъул 20 февраль Рузман № 7 (7938) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

**Хирияб Рамазан моцIгун**

## Районалъул бетIерасул барки

**Хириял районцоял!**

Гьале тIаде щвана нилъее хирияб Рамазан моцI. Гьеб ккола мунагьал чурулеб, рахIматал рещтIулеб, гурхIел-рахIмуялъул, цоцазул тIалаб-агъаз гьабулеб, сахаватлъиялъул моцI.

РакI-ракIалъ баркула киназдаго т1аде щвараб хирияб моцI! Гьарула нужее лъикIабщинаб, гIибадаталда гьеб тIамизе къуватгун тавпикъ.

ХIаракат бахъе хирияб моцIалъ лъикIал ишал гьаризе, цоцазда гьоркьоб гьудуллъи-вацлъи цIунизе, кумекалде хIажатазда кверчIвазе, садакъа-хайрат цIикIкIинабизе.

**Шамил ГIумаров,** районалъул бетIер

## Академикасул юбилей



**ХIурматияв Камалудин ГъазимухIамадович!**

РакI-ракIалъ баркула дуда 75-сонилаб юбилей!

Росдал магIишаталъул гIелмуялъулъ Дуца лъураб бутIа, тIаса бищараб махщалие ритIухълъи багьа къиматаб, гIадатияб халкъалъул адабхIурматалъе мустахIикъаб буго. Гьелъ рес кьуна росдал магIишаталъул гIелмуялъул тIинде раккун, гьеб цебетIезабизе квербакъулел чанги цIилъаби ратизе ва рагьизе.

Дур гIакъиллъи, росдал магIишаталъул гIелмуялде галаби лъолел студентазе цIалудехун гьира бижизабизе бугеб махщел гIемерал пишацоязе мисаллъун ккола.

Гьарула дуе щулияб сахлъи, къвин гьечIеб жан, гIелмияб хIалтIулъ жеги цебетIей ва бергьенлъаби. Дур церечIарал масъалабигун пикраби гIумруялде рахъаги, хIалтIул хIасилалги киналго рохарал ва мун разиял ккаги.

**Шамил ГIумаров,** районалъул бетIер

**P.S.**18 февралалда гIумрудул 75 сон тIубана нилъер ракьцояв, росдал магIишаталъул гIелмабазул доктор, профессор, Россиялъул Естествознаниялъул Академиялъул академик Камалудин МухIамадовас.

Камалудин МухIамадов гьавуна Гьигьалъ росулъ, 1969 соналъ лъугIизабуна росдал гьоркьохъеб школа. 1978 соналъ тIокIлъигун лъугIизабуна Кабардино-Балкариялъул пачалихъияб университет.

Басмаялда бахъун буго гьесул 215 гIелмияб хIалтIи, щуго монография. Гьев ккола кандидатлъиялде ва докторлъиялде лъабго диссертациялъул гIелмияв нухмалъулев ва консультант, гьединго кандидатлъиялъул ва докторлъиялъул диссертацияби цIуниялъул хас гьабураб советалъул член. ХIалтIулев вуго Кабардино-Балкариялъул пачалихъияб аграрияб университеталда.

## Лъималазул ахалъул гIумру: анищал, ресал ва хIакъикъат

Школалда цебесеб лъай кьеялъул идара ккола лъималазул ах. Гьеб буго дунялалъул цIилъабигун лъималаз лъай-хъвайги гьабулеб,




батIи-батIиял хIаялгун ругьунлъабиги тIоритIулеб, тIоцебесеб гьудуллъи-вацлъиги кколеб, чIиргъихъуялъул цIураб къебелъи.

Гьениб, чIахIиязул бербалагьиялда ва тIалабалда гъоркь гьитIичал ругьунлъула жалго жидедаго чIун хIалтIизе, ва жидерго махщел-гьунар рагьизе бахъулеб хIаракаталдалъун гIадатияб къоги маргьабазулъ гIадин, лъугьа-бахъиназул цIураб байрамалде сверизабизе. Гьезда бичIчIула жидер лъимерлъидул гьундузда кидаго бадиб кунчIараб рагьараб гьимигун жал рачIиналъухъ балагьун чIун рукIунеблъи гIадатияб къо маргьулъун жидее гьабулел лъималазул ахалъул нухмалъулелдаса байбихьун, тарбичIужу, богогьаналде щвезегIан «сихIручагIи».

Лъималазул ахикь гьезул къо, нилъ, чIахIиязул гIадин, чай-кофе гьекъон гуреб, гIисинккун росулел галабаздасанги, шкафазда «садикалда гIадин, рекъезабун» лъолеб ратIлидасанги, киналго рачIун ругодай жакъа абун сверухъ балагьиялъги ва, «къайицадахъал» рихьидал букIунеб рохалил асаралдасанги байбихьула гьениб. ЧIахIиял жидерго хIалтIабазде гIедегIулелго гIадин, гIедегIула гьитIичалги рада-радал жидерго «хъулухъалде»: конструкторазул гьарурал бищун рорхатал минабиги гьезул, суратал рахъизе ругьунлъулаго рохелги гьезул, ботIрода щурмалги лъун, гIодоб тIамураб кваридаса ине ругьунлъулеб палугъанлъиги гьезул, батIи-батIиял байрамазде хIадурлъулелъул къурди-кочIол артистлъиги гьезул. Гьеб буго гьитIичазул тамашаял асаразул цIураб гIумру.

Гьаб цебераги ва лъималазул ахалъул гIумруялъул хъвазе дир пикру бижана гIагарай яс, гьитIинай Зайнабица ахалдаса рокъое ячIунаго, жиндирго ункъачо Хадижатида «КечI рекIехъе цIалулелъул, «Блокадный хлеб» лъугIизегIан гьезул хвараб хъабалоги ретIун, хинлъун хвана, тIокIай ине гьечIо дун садикалде»,-ян абурал рагIабаз. «Блокадаги, Ленинградгун Сталинградги» лъалей гьалда чанги жо малъулеб батилин абун ракIалдеги ккун, ахIана КIочIали росдал лъималазул ахалъул нухмалъулей ПатIимат МухIамадовалъухъе гьобол къабул гьайизе хIадурлъеян.

-Гьобол рихарасул йокьулей хваги,- ян гурищ абулебан гьейги къун чIечIо, ахIана жидехъего. БитIахъе байрамалде сверана дие гьенибе бухьараб сапар. ГIадамал бетIергьанаб гьитIинабго минаялъуб хIебтIараб ах, бакI къварилъаниги, ракI гIатIидгоян абухъего буго. Щибаб рахъ рекъон буго гьениб: батIа-батIаго физкультураялъул кабинет, кьижулеб, хIухьбахъулеб ва богорукъ. ЖанахIалъубго бугин абуниги бегьила заведущаялъул хIалтIулаб кабинетги, сверухъ къадалги шкафазда тIад бакIалги цIун руго лъималазгун ахалъул хIалтIухъабаз гьарурал мажгиталъул, ссиялъул, росдал цо авалалъул ва цогидалги макетгIадал жалазул.

-БетIергьанчиясул боцIи берда цебе лъикIилан гурищха абулеб?- ан гьимана гьейги, дица ахалъул нухмалъулейги мун, хъаравулги мунго йигин абидал…

Агъвали гьоркьохъеб школа лъугIарай ПатIимат цIалана Дагъпедуниверситеталда байбихьул классазул факультеталда. Гьеб лъугIараб 1995 соналъ хIалтIана Эчеда росдал школалда.

Лъабго соналъ гьенийги хIалтIун, ячIана гIагараб Агъвали школалде махщалида рекъон хIалтIизе. Микьго соналдасан КIочIали лъималазул ах рагьарабго, гьей тIамуна гьелъие нухмалъи гьабизе. Аллагьас жиндир гьари къабул гьабунин, бокьулеб хIалтIуда махщалида рекъон хIалтIизе рес щванин абула гьелъ.

Исана къоло цоабилеб сон буго ПатIиматил лъималазул ахалъе нухмалъи гьабулелдаса. БукIун батиларо гьелъулги хIалтIул тIоцересел галаби лъолаго хIалбихьи, амма гIолохъанай специалисталъ хIаракат бахъана пишацояздаса мисал босун, хIажатаб литература цIалун, хIалтIи гьаригьункку цебехун бачине. ЦIубана махщелги, лъикIаб хIалбихьи щвана пишацоязухъе хьвадун, гьезул хIалтIудаса жиндиего дарсал росун. Жакъа кIочIалисезул ах, жиб рагьаралдаса нахъе чидар минабахъ хIебтIун букIаниги, гIуралдаса цIикIкIун гIечIел санагIалъаби-шартIал рукIаниги, буго цебесеб кьерда, лъикIазул мухъилъ.

ЛъикIаб рахъ босани, гьениб жиндир гуреб, коллективалъул лъалкI бугин абула П.МухIамадовалъ. ХIалтIулъ гIунгутIаби ратани, гьеб жиндир гъалатI бугин, киса-кибего бер щвезабизе кколеб букIанин абула. Коллективгун ургъун, дандбан гьабулин кинабго хIалтIи, рукIулин суалал лъималазул умумузулгун дандранги тIуралел.

-Коллектив буго жидерго иш лъалел, гIумрудулги хIалтIулги хIалбихьи цIикIкIарал хIалтIухъабаздаса гIуцIараб.

# Лъималазул ахалъул гIумру: анищал, ресал ва хIакъикъат

1

Гьел руго дир кваранаб квер, бажарула дун гьечIеб мехалъ бокьараб хIалтIи цебехун бачинеги, гIадамазулгун гIаммаб мацI батизеги. Гьезул щияй йиго лъималазул тарбиячIужуги, тIагIамаб кванил устар-богогьанги, хIажалъи ккани, ахалъул нухмалъулейги, ахалъул магIишаталъул хьаравулги, бекараб-хвараб къачIалел кверал меседил устарзабиги, йохарай ва чIухIарай йиго гьединал, щибго вас-вас ккечIого жидеда божилъи гьабизе бегьулеб коллектив дир букIиналдаса. ЦокIкIалаб кьокъа букIиналъ ругоха нижер лъикIал хIасилалги, хIалтIи цебехун унебги, гьелъ квербакъула нижее цере лъурал масъалаби тIуразеги. Цоцае хIалае рахъи-гьеб нижер кьучI, аслу буго. Киналго-цоясе гIоло-цо-киназего гIоло-гьеб буго нижер ахIи-девизги.

ХIалтIухъабазе гьариги буго дир, жакъа гIадин, кидаго цолъун ва гьункун рукIи ва хутIи, жидерго пагьму-гьунаралда рекъон махщалилаб цебетIей, хIалтIул щибаб кьо рохалида байбихьи, рохелги рокьи-хинлъиги пишацоязегун лъималазе бикьи, щулияб сахлъи ва хьизан-рукъалъулаб талихI. Ниж ругьунлъун руго ургъелги рохелги цадахъ гIахьал гьабизе. Цо команда нилъ букIинги кIоченчIого, ракIалъ тIаса бищараб махщалилъ церехун ин ва сундулъго лъикIал, ракI разиял хIасилал щвей.

Гьанибго баркала кьела гьитIичазул эбел-инсуеги. Кинаб кумек гьарун аскIоре аниги, хIалае рахъуна, ахалда тIоритIулел тадбиразулъ жигараб гIахьаллъи гьабула. Камуларо цо-цо маслихIат гьабизе, сабру цебе, щин нахъе ккезабиялъул пайда букIиналъул гара-чIвариял чIахIиялгун гьаризе ккарал хIужабиги, хьаравуллъиялъул идарабазул вакилзабигун гара-чIваризе ккейги.

Бищун кIудияб анищ буго нижер, гьаб кього соналъ коллективалъго дугIа гьабулеб - нижее цIияб ах бай, гьеб базе ракьалъул суал роцIцIин. Дуцаги хьвайха казияталда цо спонсор-меценат хIажат вугин нижее КIочIали ах базе «зеленкаги» бугеб ракь босизе. Ракьги дагьа-макъаб гьечIо бихьизабун. 20 сотих букIине кколеб буго. Щиб лъалеб, ватила, ваккила цо нижеда гурхIарав чи. БичIчIуларого буго, щай чидар минабазда цо-кIиго сотихалда хIебтIизе бегьулеб ах, амма ракьул суал цебе бачIиндал, щуго-анлъго сотихалдаги гIей гьабизе кьануназ гьукъулеб бугеб, кього ва цIикIкIун букIине кколинги абун. ХIажатаб-тарабги камилищха нижерги, ругел шартIалресазда балагьун хIалтIула, амма жеги цIикIкIун лъимал рачинги, цIикIкIун гIадамал хIалтIулал бакIаздалъун хьезариги жеги лъикI букIинарищха, кIудияб, гIатIидаб ясли-ах бугони…

Гьанжеги тIадруссинин лъималазул ахалде. Гьеб ккола лъимералъ гIумруялъул байбихьуда чIахIиязулгун ва гIелбацадазулгун цадахъ гIемер мех балеб бакI, рокьоб щолеб тарбиялде тIаде лъайги щолеб идара. КIочIали лъималазул ахикье щведал гьеб бихьана ва бичIчIана. Бихьана лъималазул «регIун гьечIолъиялдаса»: цоял - суратал рахъулел, цоял-пластилиналъ щиб-щибги гьабулел, цогидал - физкультураялда, щив рикIкIаде, щив ворхалъуде кIанцIилевали хIалбихьулел, цогидал-кучIдул рекIехъе цIалулел, палугьанлъи гьабизеян мугъ битIизабун, борхатго бетIер ккун, кваридасан рилълъанхьулел- гьечIо гьезие доре-гьанире кьуризе регIараб лахIзат. Щивасул буго жинди-жиндир хIалтIи, иш. Гьеб киналъего нухмалъи гьабулел тарбия кьолелги рукIинарищха, радал эбел-инсухьа лъимерги бачун, тIубараб кьоялъ гьезие «гIумрудул дарсал» жидеца кьолел. Бищунго кеп кьуна «гаиялълас» гIумруялъе хIинкъи гьечIедухь нухазда хьвадиялъул низам «хвезабурасе кьураб дарсалъ ва кьотIараб гIакIаялъ». «Полициялъда хIалтIулев инсул вас ватилин»,- паркъана пикруги. ХIинкъи гьечIеб ва сахаб гIумру букIинаби-гьеле ахазул аслияб цояб масъала, лъималазе тарбия-лъай кьеялдагун цадахъго. Жавабчилъи буго сундулъго тIоцебесеб шартI ахалъулазул, хасго нухмалъулезул. Отпускалда йигониги, гIодоркьоял ругониги-цо жо ккани, тIоцебесеб жаваб нухмалъуледа букIуна сундулъго.

Ахалъулазул «хIалтIул кьоялъухъ» балагьидал, бихьулеб буго 20-30 соналъ цере рукIарал ахалъулаздаса гьезул гIумру гIезегIан цебетIун букIин цо-цо жалазулъ, жибго ахалъул цIалулгун тарбия-кьеялъул программа гьедигIанго хисун гьечIониги. РакI унтана гьенибги кIалъай, гара-чIвари гIурус мацIалда букIиналъ. МацIазде дандечIарай гIадан гуро, амма магIарул гуреб, рокьоб бицунеб чIамалазул, баргалалзул, тIиндадерил мацIалда цохIо «баба-дада» гурони лъалеб гьечIо гьитIичазда. РакIалде ккана эксперимент-хIалбихьи хIисабалда, авар мацIалда кIалъайин ва малъе дарсалин абизе бугин ПатIиматидаян. БичIчIула гьеб «Маниловасул анищлъун» хIорго хутIулеб, загIипабго божи лъураб дирго анищ букIин. Амма щиб лъалеб?! Ккезе батила цо хIасил. Кваридасан хьвадизеги, чанги берцинаб сурат бахъизеги, хIатта, богогьабазде аскIоре ун, гьезие кумек гьабизе, жидедаго щиб лъанги лъазе абун гьоркьор-цере кIанцIун, кванда яги чурулеб цIарагIалда квал-квадизе лъараб гIадин, авар мацIалдаги лъазе батила гурищ кIалъазе, школалде индал бигьалъила гурищ цIализе-хъвазе гьезие. ГьитIинго лъараб жо ганчIида бикIкIараб накъищилан гурищ абулеб?!



Цоги дие асар гьабураб жо букIана гьениб печалъул хинлъи. ГьитIичаздаги лъазе ккола нилъер умумузул гIумруялъул цо-цониги лахIзат, тарих, гьадин хинлъулелги, кваналелги рукIанин абун гьезие чIагояб дарс. ГьанжезаманалъултIалабазул цояб-хIухьлаца хинлъизарулеб къагIида гьениб гьечIо. Мармариялда гвангъун баккараб цIадул хинлъиялъ босун унеб букин ккелеб букIана сверухъльиго. Гьединабго хинлъи бугеб, рагъарал ракIазул, хинаб асар жидер рахъалъ дир хутIараб коллектив ва гьитIичал ругоан КIочIали лъималазул ахалда, нухмалъулей ПатIимат МухIамадовалъул хIеренаб, тIалабчилъигун жавабчилъиги бессараб бербалагьиялда гьорк. Рокьоб киназго жинде тIокIборчIараб бербалагьи гьабун «къираллъун», яги чIей гьечIого нерваби хвезарулеб «зунзурлъун» букIунеб лъимер ахалде щведал вуго живго жиндаго чIарав инсан, кьерилалгун гIаммаб мацI батун, гьезда цадахъ хIалтIи бачинеги, чIахIияб гIумруялде галаби тIамизеги ругьунлъулев вугев, жиндирго пикру загьир гьабизе ресги бугев живго жиндаго чIарав инсан.

Аслияб жо, лъималазулги хIалтIухъабазулги гьира буго ахалде хьвадизе ва хIалтIизе, гьединльидал гIорхьи гьечIеб рохел буго умумузулги жидерго лъимадул тIоцересел хIаракатаздасангун бергьенлъабаздаса, церетIеялдаса.

ТIубайги мурад ахалъулазулги, тIолго кIочIалисезулги: щваги гьезие ракь босизе меценатги, цIибараб ахги.

**Хадижат Залимханова**

**Интервью**

# Неделя сохранения мужского здоровья

С 16 по 22 февраля в России проходит Неделя сохранения мужского здоровья.



Жизнь современного мужчины динамична и непредсказуема: физические нагрузки, стрессы, постоянное напряжение и стремление успеть всё. Однако в этом ритме часто упускается из виду главное - собственное здоровье. Стоит ли отмахиваться от первых тревожных звоночков, ведь они способны перерасти в серьезные «мужские» проблемы!

На эту тему мы беседовали с заведующим хирургического отделения райбольницы Омарасхабом Ахмедовичем Магомедовым.

**-Омарасхаб Ахмедович, какие факторы влияют на состояние мочеполовой системы у мужчин?**

-Мужское здоровье зависит от образа жизни, питания, физической активности, наличия вредных привычек и даже стрессовых ситуаций. Основными факторами риска для мочеполовой системы вявляются:

-курение и чрезмерное употребление алкоголя, которые негативно сказываются на общем состоянии организма, включая репродуктивную систему.

-недостаточная физическая активность приводит к застою крови в органах малого таза, что увеличивает риск воспалительных процессов и простатита.

-избыток жирной пищи, сахара и соли может привести к ожирению, которое является одним из главных факторов развития заболеваний простаты и других органов мочеполовой системы.

-постоянные стрессы могут ослаблять иммунную систему и повышать вероятность возникновения эректильной дисфункции, снижения либидо и проблем с репродуктивным и сексуальным здоровьем.

-особенности и аномалии развития, наследственные заболевания.

**-Когда стоит обратиться к врачу-урологу? На какие симптомы следует обратить внимание?**

-Важно помнить, что многие заболевания мочеполовой системы на ранних стадиях протекают незаметно, поэтому регулярные профилактические осмотры крайне важны. Однако есть несколько симптомов, при появлении которых необходимо незамедлительно обратиться к специалисту:

-изменение цвета мочи или появление примесей (кровь, слизь), резкое изменение количества мочи.

-боли внизу живота, над лоном, или в области поясницы, промежности-это может свидетельствовать о воспалительном процессе в тканях предстательной железы, мочевыводящих путях или обструкции в мочевыделительной системе.

-проблемы с мочеиспусканием: частые позывы, боли при мочеиспускании, ощущение неполного опорожнения мочевого пузыря.

-снижение потенции или проблемы с эрекцией. Эти симптомы могут указывать на нарушения в работе гормональной системы, сердечно-сосудистой, эндокринной систем.

-появление выделений из уретры, особенно если они сопровождаются неприятным запахом или зудом.

**-Ваши рекомендации мужчинам для поддержания здоровья мочеполовой системы.**

-В первую очередь, я бы рекомендовал вести здоровый образ жизни. Вот несколько ключевых моментов:

-гигиена половой жизни;

-регулярная физическая активность, прогулки, посещение спортзала, плавание-улучшает кровообращение в органах малого таза, что снижает риск застоя крови и воспаления;

-правильное питание-сбалансированный рацион с достаточным количеством овощей, фруктов, белка и полезных жиров. Объем выпитой жидкости-не менее 2,5 литров в сутки-поможет поддерживать нормальный вес и предотвратить развитие многих заболеваний;

-отказ от вредных привычек. Курение и злоупотребление алкоголем негативно влияют на все органы и системы организма, включая мочеполовую систему;

-контроль веса-ожирение повышает риск развития аденомы простаты и других заболеваний;

-регулярное прохождение диспансеризации и профилактических осмотров, что позволит своевременно выявить возможные заболевания и начать их лечение на ранней стадии (для мужчин старше 40 лет-это онкомаркеры на рак предстательной железы);

-хороший отдых и умение справляться со стрессовыми ситуациями помогут сохранить общее здоровье и избежать многих проблем.

Эти рекомендации помогут сохранить здоровье мочеполовой системы и предотвратить развитие многих заболеваний.

В ГБУ РД «Цумадинская ЦРБ» постоянно проводится профилактическая акция «Дни диагностики рака предстательной железы». Если Вам 40-55 лет, Вы можете записаться на приём хирургу на бюджетной основе (бесплатно) по мессенджере МАХ или в регистратуре 1 этажа поликлиники. Вас примет врач, проведёт осмотр и назначит анализ на простатспецифический антиген (ПСА) (кровь из вены). Простат-специфический антиген (ПСА)-это специфический лабораторный показатель. Он позволяет провести первичную диагностику рака и других патологий предстательной железы.

Помните, ваше здоровье в ваших руках!

**Хадижат Джамалудинова,**
врач -гигиенист ЦРБ

# 15 февраль - Афгъанистаналдаса советиял аскарал къватIире рачараб къо



## Бащдаб Афгъанистан хIатIикь мерхьарав

Мун, Гьигьалъ-ГIурухъа гIадатияв вас,
ГIемераб къо хIехьон, къоял тIамурав.
Микьго классги лъугIун, Болъихъе ана-
СПТУялда шофер вахъана.
Доб Орджинокидзе рагъуй куцалеб,
Киданиги гьсада кIочон толаро.
МухIамад, къисматалъ къор гъураб гIадин,
Афгъанистаналде рагъулъе ккана.
Джалалабад, Кабул, Суруби, Газни,
Гардезгун Чирикар, Баграмгун Джабал...
Бащдаб Афгъанистан «КамАЗ», «Уралгун»,
Душманалгун вагъун тиризе ккана.
Чанги хIинкъи бугел бакIалъан ворчIун,
Аллагьас цIунарав цIакъ лъикIав мугьмин.
ГIатIидаб ракIалъул, рекIелъ тIанкI гьечIев,
Гьудулльи хирияв, гьигьалъдерил вас.
Кьун хадуса рагIи хвезе толарев,
Таваккал цIикIкIарав Гьигьалъ-МухIамад.
Иман щулиязулъ щулаго чIарав,
МухIамадий дица гьарула сахлъи!

**МухIамад ГъазимухIамадов,** Балахьуни росу

# Сахавалъи - баракатаб иш

Араб анкьалъ меценат МухIамад Вечедовас Агъвалибе бачIана кIал кквелалде садакъа хIисабалда бикьизе гурхIел-рахIмуялъулаб кумек хIисабалда «Газель» автомашина цIураб чамасдак.

щвезабула цоцазе кумек-квербакъи гьабияльул кIвар, хасго захIматаб заманалда.

Садакъа бикьиялъулъ гIахьаллъарав Агъвали росдал мажгиталъул имам Абубакар Абубакаровас



Гьеб районалде щвезабиялъулъ гIуцIарухъанлъиялъулаб хIалтIи гьабуна Лъондодаса АхIмад ГъазимухIамадовас. КIиявго сахаватчияс нигат гьабуна хирияб Рамазан моцIалда Аллагьасул квербакъиялдалъун районалъул гIадамазе чамасдакалъул садакъа гьабизе. Гьеб щвезабуна районалъул росабалъе ва Агъвали авалмажгитазде какде рачIаразе кIал биччазе.

Гьеб иш ккола сахаватал гIадамаз жамагIатал цолъизариялъе ва гъункизариялъе квербакъулеб мисаллъун. Гьелъ ракIалде киназулго рахъалъан баркала загьир гьабуна МухIамад Вечедовасе ва АхIмад ГъазимухIамадовасе гьезул сахаватлъиялъухъ ва районазе гьабулеб кумекалъухъ. Гьединго баркала загьир гьабуна гьеб районалде щвезабурал гьезул вакилзабазе

-Гьединал баракатал ишаз кумек гьабула рухIияб къимат щула гьабизе, бачIунеб гIел адаб-хIурмат ва гурхIел-рахIму бугелльун куцазе,- ян абуна мажгиталъул имамас .

Аллагьас къабул гьабеги гьезул садакъа.

# Обращение

В последнее время на территории муниципального района «Цумадинский район» на автомобильных дорогах общего пользования - как местного, так и регионального, и федерального значения -отмечается рост дорожно-транспортных происшествий различного характера. Анализ ситуации показывает, что значительная часть ДТП связана с нарушением правил дорожного движения, превышением скорости, выездом на встречную полосу, управлением транспортными средствами лицами, не имеющими соответствующего права управления, а также допуском к вождению несовершеннолетних.

Комиссия по обеспечению безопасности дорожного движения муниципального района обращает внимание всех участников дорожного движения на необходимость строгого соблюдения Правил дорожного движения.

Особо подчеркиваем следующее:

-управление транспортными средствами допускается исключительно лицами, имеющими действующее водительское удостоверение соответствующей категории;

-транспортные средства подлежат обязательной государственной регистрации в установленном законом порядке;

-эксплуатация мотоциклов, мопедов, скутеров, квадроциклов и иных видов техники без соответствующих разрешительных документов недопустима;

-несовершеннолетним лицам категорически запрещается управление транспортными средствами, представляющими повышенную опасность для жизни и здоровья.

Обращаемся к родителям и законным представителям: «Допуская несовершеннолетних к управлению транспортными средствами, вы подвергаете риску не только их жизнь и здоровье, но и безопасность других участников дорожного движения. Ответственность за возможные последствия в таких случаях несут взрослые».

Комиссия настоятельно рекомендует:

-воздержаться от поездок лицам, не обладающим необходимой квалификацией и правами управления;

-строго соблюдать скоростной режим, требования дорожных знаков и разметки;

-использовать ремни безопасности и защитную экипировку;

-проявлять повышенную осторожность в населенных пунктах, вблизи образовательных учреждений и мест массового пребывания людей;

-не управлять транспортными средствами в состоянии усталости или недомогания.

Безопасность на дорогах-это зона личной ответственности каждого участника дорожного движения. Любое пренебрежение правилами может привести к трагическим последствиям, которых можно и нужно избежать.

Комиссия по обеспечению безопасности дорожного движения муниципального района «Цумадинский район» призывает жителей района проявить сознательность, дисциплину и уважение друг к другу на дорогах.

Берегите свою жизнь и жизни окружающих.

**Комиссия по обеспечению безопасности дорожного движения МР «Цумадинский район»**

**Динияб бокIон**

# Рамазан моцIалъ кIал кквеялъе ният

**Рамазан моцIалъ кIал кквезелъун щибаб къоялъ ният гьабизе тIадаб бугищ ва тIубараб моцIалъе ният гьабун тIубалищ? Цогидал мазгьабазулъ гьеб суалалъе бигьалъи бугищ?**

ШафигIияб мазгьабалда тIубараб моцIалъе гьабураб ниятальрамазаналъул тIоцебесеб кIалалъе гIей гьабула, ай кIиабилеб кIалалъе цIидасан ният гьабизе ккола. Амма имам Маликил мазгьабалда тIубараб моцIрое ният гьабиялъ гIей гьабула ва щибаб къойил ният гьабизеги ккоjаро.

АбухIанифал мазгьабалда паризаяб кIалалъе кIал ккураб къоялъул къо бащалъизегIан ихтияр букIуна ният гьабизе. Гьебги буго рогьел баккаралдаса кIал биххулел пишаби гьес гьарун ратичIони.

Ибну ХIажарица «ТухIфатул МухIтажалда» хъвалеб буго: «Рамазан моцIалъул, кафаратальул, назруялъул ва имамас цIад гьариялда цебе ккеян абураб кIалазул ният гьабизе ккола къаси, ай, бакътIерхьудаса байбихьун, рогьалил гIуж щвезегIан. Гьеб ниятги щибаб къоялъ къаси цIигьабизе ккола. Щайгурелъул, щибаб къоялъул кIал цебесеб къоялде хурхинчIеб, жибго жиндаго чIараб гIибадат кколелъул.

Маликил мазгьабалъул гIалимчи имам Дардирица «АщархIул Кубра» абураб тIехьалда хъвалеб буго: «Рамазан моцIалъ цоцада хадур кколел киналниги кIалазе цо ният гьабиялъ гIей гьабула. Гьебго хIукму буго цоцада хадур кколел назруялъул кIалазулги. Щайгурелъул цоцада хадур хурхун рачIунел кIалал цо гIибадаталда рельлъуна. Гьеб цоцада хадуб бачIунеб бугеб тартибги хвезабизе бегьуларо, гьелъие цо ният гьабун букIингун цадахъ», - илан.

Гьеб суалалда тIасан ХIанафил мазгьабалъул гIалимчи ибн ГIабидиница «ХIашияту ибн ГIабидин» абураб тIехьалда хъвалеб буго: «МаркIачIул гIуж щваралдаса къо бащалъизегIан (гIага-шагарго 11 тIубалеб гIуж) гьабураб ниятaлдалъун рамазан моцIалъул кIал рикIкIуна», - ян.

# ЛъугIизе тоге...

**Хирияв Аварагасул (с.т.гI.в.) хIадисалда буго: «Адаб гьабиялъ гурони чи тIадегIанлъичIо ва гьеб теялдалъун гурони гIодовеги вортичIо», - абун. Адаб буго инсан берцин гьавулеб гIамал ва гIадамазе жив вокьизе гьавулеб пиша.**

Диналъ ва рукIа-рахъиналъ гIадан ахIула чIахIиял чагIазул адаб гьабиялде. Гьелъие нугIлъи гьабулеб буго Тирмизияс бицараб хIадисалда рехсаралъи: «Нилъедаса гуро гIисиназдаги гурхIуларев, чIахIиязул къиматги гьабуларев чи», - ян абураб.

Адаб цIуни буго чиясулъ ругел хасиятазул бищун берциналдасан. Гьеб гIамал жиндилъ бугев гIадамазда гьоркьов къимат бугевлъун вукIуна, гIисиназ мисалги босула гьесдаса. Адаб гьечIев чи вукIуна гьабулеб гIамал хьачIав, бицунеб рагIи аскIов вугесул рекIелъе бортуларев, гIисиназде хичулев, жив вихьичIониги ургъел гьечIев. Гьединаллъун рукIиналдаса Аварагасги (с.т.гI.в.) цIуни тIалаб гьабулаан.

Бищун жидедехун адаб цIунизе кколел руго эбел-эмен. Кьуръаналда ТIадегIанав Аллагьас абулеб буго (магIна): «Нужеца Аллагьасе (с.т.гI.в.) гIибадат гьабе Гьесдехун щибго (гIибадаталъулъ) гIахьалги гьабуге ва эбел-инсудехун лъикIаб тIабигIаталдалъунги рукIа...», - абун (сура «ан-Нисаъ», аят 36).

Эбел-инсуе лъикIлъи гьаби, гьездехун берцинаб рукIа-рахъин, адаб бихьизаби Аллагьас Жиндиего лагълъи гьабиялъул ва шарик гIахьал гьавизе бегьунгутIи бичIчIизабулеб бакIалда аскIоб рехсана. ГьедигIанги кIвар бугеб жо ккола эбел-инсул адаб гьаби.

Лъидаго кIочене бегьуларо живгоги санаде вахине вугеблъи, гьелдаса босун букIине ккола цогияздехун гьабулеб берцинаб гIамал, цIикIкIарасдехун адаб. ГIолохъаналъуда нилъеца гьабуралда рельлъараб гьабула нилъееги хадусеб гIелалъ.

ХIадисалда буго:«ГIолохъанчияс цIикIкIарасул адаб гьабулеб бугони, гьесул херлъиялъе гIоло, гьев чи живго херлъараб мехалъ, Аллагьас гьесул хIурмат гьабулелллъун гIолохъабиги гьарула гьесие», - ян (Тирмизи).

Адабги буго шивав чияс жиндие бокьулареб жо цогияздехун гьабунгутIи. Кире кканиги чIухIи гьечIел, гIодоре риччарал, гIадатиялллъун рукIин буго аслияб жо. Бажарараб куцалъ цогидазе боцIудалъун, кверaлдалъун кумек гьабила. Берцинаб гIамалхасият бихьизабила, данде ккаразул хIурмат цIунила, гIисиназда гурхIила, диналъул вацазе салам кьун квер бачина, гьабураб кьотIи тIубазабила, сундулъго ритIухъаллъун рукIина. Гьел ва гьезда рельлъараб гIамалал, гIицIго адаб гуребги, Аллагь рази гьавулеб гIамалги гIибадатги буго.

Имам АшгIарияс рехсолеб буго: «Рас хьахIав херав чиясул хIурмат гьаби буго Аллагьасе гьабулеб гIибадаталъул гIаламат», - ин абураб хIадис (Абу-Давуд).

Аллагьас кантIизареги лъикIалде! Амин!

**«Ас-салам» газеталдаса босараб**

ОМВД

## Приглашаем на службу в полицию

Отдел МВД России по Цумадинскому району приглашает на службу в полицию граждан Российской Федерации на должности младшего начальствующего состава:

-полицейский отдельного взвода патрульно-постовой службы полиции;

-полицейский группы по обеспечению мер безопасности и антитеррористической защищенности объектов органов внутренних дел;

-полицейский патрульно-постовой службы полиции Гигатлинского пункта полиции;

Требования для поступающих на службу в ОВД:

-служба в Вооруженных Силах РФ, физическая подготовка, полное среднее образование, отсутствие судимости.

**СЛУЖА НАРОДУ - СЛУЖИМ ЗАКОНУ!**

Служба в полиции это:

- достойная заработная плата;

-возможность получения единовременной социальной выплаты (ЕСВ) для приобретения или строительства жилого помещения при наличии стажа службы в ОВД не менее 10 лет в календарном исчислении;

-ежегодный оплачиваемый отпуск (40 дней + дни на дорогу к месту проведения отпуска и обратно);

-увеличенные отпуска в зависимости от выслуги лет;

-возможность получения бесплатного высшего образования (в том числе второго в ВУЗах МВД России);

-льготные путевки в санатории МВД России;

-бесплатное медицинское обслуживание (в том числе и для членов семьи);

-обязательное государственное страхование жизни и здоровья;

-возможность карьерного роста;

-выход на пенсию через 12,5 лет службы (льготная служба 1 год за 1,5; служба в Вооруженных Силах Российской Федерации входит в выслугу лет).

**ОМВД России по Цумадинскому району с. Агвали, ул. К. Абакарова 125/2**

**Тел.: 8 (87273) 99-65-51. (8-963-412-85-05).**

Газпром

## Оплачиваем газ, не выходя из дома

«Газпром межрегионгаз Махачкала» фиксирует устойчивый рост популярности дистанционной оплаты за газ, без очередей у касс и без комиссии.

«Газпром межрегионгаз Махачкала» активно развивает бесконтактную оплату за газ. Сегодня услугами «Личного кабинета абонента» пользуется более ста восьмидесяти шести тысяч дагестанцев, то есть каждая четвертая дагестанская семья, использующая газ в быту. Популярность данного сервиса растёт. Так, за 2025 год свыше двадцати двух тысяч новых пользователей зарегистрировалось в «Личном кабинете».

В «Личном кабинете» абоненты могут воспользоваться услугой передачи показаний счетчика и получают постоянный онлайн-доступ к истории платежей. Все это позволяет значительно экономить время, упрощая оплату за газ и повышая дисциплину платежей за газ.

Круглосуточный доступ к своему «Личному кабинету», минимизация риска утраты значимых документов, таких как чек об оплате за газ, и высокая степень защиты личных данных существенно повышают привлекательность такого формата оплаты за газ.

Спорт

## Россиялъул къецазда тIоцебесеб бакI ккурал

**Владикавказ.** 12-15 февралалда Владикавказалда тIобитIана эркенаб гугариялъул рахъалъ гIолилазда гьоркьоб (U-21) Россиялъул первенство.



Гьенир лъикIал хIасилал рихьизаруна нилъер районалъул гугарухъабаз: 79 кг. цIайиялда тIоцебесеб бакI ккуна ТIиндиса МухIамад ГIалибахIарчиевас.



86 кг. цIайиялда Акнадаса МукIутов АхIмадиеги щвана тIоцебесеб бакI. КIиабилеб бакI ккуна 70 кг. цIайиялда Хъварщиса Рамазан ГIабдулкъадировас.

Баркула спортсменазда бергьенлъаби, гьарула хадубккунги спорталъулъ икъбалгун талихI.

* * *

**Каспийск.** 9-12 февралалда Каспийскиялда ГIали ГIалиевасул цIаралда бугеб спортивияб КIалгIаялда тIобитIана гIолилазда гьоркьоб (U-16) эркенаб гугариялъул



рахъалъ Россиялъул первенство. Лъабнусгоялде гIагарун гугарухъанас гIахьаллъи гьабурал гьел къецазда лъикIал хIасилал рихьизаруна нилъер районалъул гугарухъабаз.

Меседил медалалъе мустахIикълъана 85 кг. цIайиялда ТIиндиса Ибрагьим МухIамадов. Финалалде вачIинегIан Ибрагьимица цониги балл кьечIо дандиясе. Финалияб дандчIваялда 6:0 хIисабгун бергьенлъи босана осетиназул гугарухъанасда тIад.

Мазгарул медаль щвана 38 кг. цIайиялда Кванхиса Исламов ХIамзатие.

КватIичIого Ибрагьим МухIамадов гIахьаллъизе вуго Дунялалъул первенствоялда.

## Гьигьихъа чемпион



6-8 февралалда Москваялда тIобитIана къоло лъабго регионалдаса щунусгоялде гIунтIун гугарухъан гIахьаллъараб Россиялъул СБИ ММАлъул Ориентал федерациялъул чемпионат.

Гьенив 57 кг цIайиялда цеве вахъарав нилъер гIолохъанав зарударагъалъул гIахьалчи Гьигьихъ росулъа ГIабдурахIим ГIабдулатIипов вахъана Россиялъул чемпионлъун.

ГIолохъанав вугониги, ГIабдурахIимица бихьизабуна гугаризе бугеб лъикIаб махщел ва къвакIараб хасият. ГIабдурахIим рикIкIана чемпионаталъул бищун лъикIав къеркьохъанлъунги.

КватIичIого гьев гIахьаллъизе вуго Турциялъул Анталья шагьаралда тIобитIизесеб Дунялалъул чемпионаталда.

РакI-ракIалъ баркула ГIабдурахIимида бергьенлъи. Гьарула щулияб сахлъи, икъбал, хаду-хадурги лъикIал хIасилал.

**Шамил Бадрудинов**

## Теннисалъул рахъалъ къецал тIоритIана




12 февралалда Агъвали тIоритIана гIисинал гIолилазда гьоркьор столалда хIалеб теннисалъул къецал.

Къецал тIоритIана 2009-2010 ва 2011-2012 соназ гьарурал лъималазда гьоркьор.

2009-2010 соназ гьарурал цIалдохъабазда гьоркьор бергьана ва призераллъун рахъана:

**Васал:** 1. Нурудинов М. (Эчеда), 2.МухIамадов Адам (Лъондода), 3.МухIамадов ГIабдула (ТIинди).

**Ясал:** 1.ХIажимухIамадова Шумайсат (Хуштада), 2.Пайзулаева Ясмина (Хуштада), 3.Аличуева Багъжат (ТIинди).

2011-2012 соназ гьарурал цIалдохъабазда гьоркьор бергьана ва призераллъун рахъана:

**Васал:** 1.Лабазанов ГIумар (Лъондода), 2.ИзрагIилов МухIамадрасул (Агъвали), 3.Жалалов МухIамад (Агъвали).

**Ясал:**1.ХIажиева Ясмина (Хуштада), 2.ХIажимухIамадова Хатима (Хуштада), 3.ГIабдулаева ПатIимат (Хуштада).

Бергьарал ва призерал кIодо гьаруна грамотабаздалъун.

Баркула гIисинал спортсменазда ва призеразда бергьенлъаби, гьарула хадубккунги бергьенлъаби, спортивияб икъбал.

**Шамил Сажидов**

## Халилил иргадулаб бергьенлъи



Дагъаб цебе Москваялда тIобитIана Бетсити Fight Nights 133-леб турнир.

Турниралъул аслиял къеркьеязул цояблъун ккана нилъер ракьцояв, КIванадаса Халил ПирмухIамадовасул Азербайжаналдаса Нагьид ГянжагIалиевасулгун букIараб къеркьей.

Махщелалъул рахъалъ хIалбихьи бугев ПирмухIамадовас, тIоцебесеб раундалдаго нокауталде дандиявги рехун, босана бергьенлъи.

Спортсменасул спортивияб гIумрудулъ гьеб ккола Халилие кIвар цIикIкIараб бегьенлъи. Гьелъ нугIлъи гьабула гьесул гугаризе бугеб махщелалъе.

Баркула Халилида иргадула бергьенлъи. Гьарула щулияб сахлъи, икъбал ва талихI.

**Берцинай КъурамухIамадова**

БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич (87273) 2-52-44

Жавабияй секретарь Залимханова Хадижат МухIамадовна

Техникияй редактор МухIамадова Батул МухIамадовна

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Кьенгьара росу, Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: Дагъистан Республикаялъул «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, 1 «А»

Тираж - 1022

Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)

Адрес электронной почты Golostsumady@mail.ru

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул бальгольи гьорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ 05-00434 от 15 июля 2019 г.